

Transition 2 Go

in Florida



Avantaj nan Sekirite Sosyal Pou Moun yo ki Rete nan Eta Florida ki gen Enfimite

Gen anpil difikilite ak pwoblèm lè moun ap viv avèk yon enfimite, men yo kapab resevwa asistans finansye disponib pou ede yo. Si enfimite ou grav ase kote li anpeche ou travay, epi yo atann kondisyon ou pou dire pou yon minimòm ennan, lè sa a ou kapab elijib pou resevwa avantaj enfimite. Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) la ofri de (2) kalite avantaj pou moun yo ki gen enfimite.

Ki kalite Pwogram yo Gen Disponib pou Moun ki Gen Enfimite?

[Asirans Enfimite Sekirite Sosyal Yo baze](#) (Social Security Disability Insurance, SSDI) sou istwa travay ou ak konbyen lajan ou te peye bay Sekirite Sosyal atravè taks sou pewòl ou. Pou ou vin elijib pou resevwa SSDI, ou te dwe travay pou omwen dènye senk nan dis an yo, toudepann sou laj ou. Epitou ou dwe gen plis pase laj 18 an oswa pi jèn pase laj 65 an pou kalifye.

Kantite lajan an yo pral peye ou depann sou ansyen revni ou, epi gen yon lis datant senk mwa anvan ou kòmanse resevwa peman yo. Dezan anpre SSA a etabli kilè enfimite ou te kòmanse, se lè sa a ou pral vin elijib pou Medicare. Mari oswa madanm yo ki gen plis pase laj 60 an ak timoun yo ki poko gen laj 18 an elijib tou pou yon pousantaj siplemanntè nan avantaj masyèl ou si ou ap resevwa avantaj SSDI.

[Revni Sekirite Siplemanntè](#) (Supplemental Security Income, SSI) disponib si ou pa gen yon istwa travay epi ou demontre ke ou gen yon bezwen finansye grav. Olyede peye pou avantaj sa yo atravè taks sou pewòl ou, yo finansye avantaj SSI atravè revni taks jeneral. Li pi apwopriye pou moun yo ki pa gen okenn istwa travay, tankou timoun oswa lòt endividyèl yo ki gen enfimite grav. Si ou dwe plis pase \$2,000 nan byen (lajan kach, aksyon, asirans lavi), ou pap pral kalifye pou avantaj SSI. Epitou SSA la responsab pou administrasyon Medicaid, konsa yo pral otomatikman enskri nenpòt benefisyè SSI nan Medicaid.

Timoun Adilt yo ki Gen Enfimite

Si ou se yon adilt ki gen yon enfimite k ap dire pou tout lavi ou tankou otism oswa Sendwòm Dawonn, ou kapab toujou kalifye pou avantaj SSDI menm si ou pa t janm travay. SSA a rekonèt ke gen dè milye adilt yo ki bezwen asistans siplemanntè men ki pa satisfè egzijans byen yo pou kalifye pou resevwa avantaj SSI. SSA rele moun sa yo "Timoun Adilt yo ki Gen Enfimite," epi yo kapab resevwa avantaj oksilyèl kòm si yo te timoun minè nan kont yon adilt.

Timoun ki pa gen enfimite kapab resevwa jiska 50% nan peman avantaj masyèl yon paran ki enfim oswa nan retrèt pou jouk yo gen laj 18 an. Si ou se yon Timoun Adilt ki Gen Enfimite, ou kapab kontinye resevwa 50% nan peman avantaj masyèl yon paran ki enfim oswa nan retrèt pou jouk yo gen laj 18 an. Yo te dwe dyagnostike Timoun Adilt yo ki Gen Enfimite anvan yo gen laj 22 an avèk yon enfimite k ap dire pou tout lavi yo. Anplis, si yon timoun adilt enfim marye nenpòt lòt moun ki pa gen yon enfimite, yo pap elijib ankò pou resevwa avantaj oksilyèl yo.

Egzijans Medikal nan Kalifye pou Resevwa Avantaj Enfimite

Li difisil pou kalifye medikalman pou resevwa avantaj SSDI oswa SSI, paske gen egzijans estrik. Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) la gen yon manyèl nan lis medikal la, yo rele Blue Book (Liv Koulè Ble), ki gen ladan sèten kondisyon yo ki kapab fè ou kalifye pou resevwa avantaj. Kondisyon sa yo varye ant kondisyon kè ak respirasyon jiska maladi mantal. Si ou pa kapab demontre ke ou otomatikman kalifye pou resevwa avantaj sa yo pou youn nan kondisyon sa yo, ou kapab “matche” yon liste lè ou bay prèv medikal ke kondisyon ou egal avèk youn nan kondisyon yo nan lis la.

Si enfimite ou pa satisfè oswa “matche” yon liste, ou kapab monte prèv tou ke kondisyon ou tèlman grav ke li diminye [Kapasite Fonksyònman Rezidyèl](#) (Residual Functional Capacity, RFC) ou, epi sa a se kapasite ou pou fè nenpòt kalite travay nan yon fason rezonab. Si ou kapab demontre ke kondisyon ou anpeche ou nan fè okenn kalite travay ditou, ou kapab toujou kalifye pou resevwa avantaj enfimite.

Aplike pou Avantaj Enfimite

Ou kapab aplike pou resevwa avantaj enfimite nan sitwèb, nan telefòn, oswa nan yon biwo lokal nan nenpòt nan [54 kote nan Eta Florida](#). Ou dwe pote avèk ou tout enfòmasyon pèsònèl ki posib, ki gen ladan nimewo Sekirite Sosyal, istwa maryaj, ak ansyen adrès ou yo. Epitou ou dwe pote enfòmasyon medikal enpòtan tankou nenpòt prèv ak enfòmasyon medikal sou doktè yo ki te trete ou pou enfimite ou.

Ou kapab kòmanse pwosesis la pou aplike pou resevwa avantaj enfimite lè ou ale nan sitwèb [Twous Inisyal pou Adilt yo ki Gen Enfimite](#) (Adult Disability Starter Kit) nan sitwèb SSA a. Epitou ou kapab sèvi avèk [Twous Inisyal pou Timoun yo ki Gen Enfimite](#) (Child Disability Starter Kit) pou aplike pou resevwa avantaj SSI pou yon timoun ki poko gen laj 18 an. Se Divizyon an nan Detèminasyon Enfimite (Division of Disability Determinations, DDD) ki pral trete aplikasyon ou.

Si yo apwouve li, ou kapab resevwa jiska \$773 chak mwa nan avantaj SSI ak jiska \$2,663 chak mwa nan avantaj SSDI, malgre pifò nan benefisyè yo touche apeprè \$1,100 chak mwa. To mwayèn apwobasyon an pou yon aplikasyon inisyal se mwens pase 30% nan Eta Florida. Si yo refize ou, ou kapab [prezante yon kontestasyon](#) nan sitwèb SSA a, ale nan yon biwo lokal pou jwenn asistans, oswa rele nimewo 800-772-1213 oswa 800-325-0778 pou TTY.

Atik sa a se grasa [Asistans Avèk Enfimite Sekirite Sosyal \(Social Security Disability Help\)](#), yon òganizasyon endepandan ki dedye nan ede aplikan yo ki gen enfimite resevwa avantaj.